KUBVISA PAMUVIRI NEMISOPROSTOL

KUSHANDA ZVAKANAKA KWEMAPIRITSI EMISOPROSTOL

Misoprostol inoshanda kubvisa pamuviri muvakadzi pfumbamwe pavakadzi gumi

ZVII ZVAUNGAITA KANA MAPIRITSI EMISOPROSTOL ASINA KUSHANDA ZVAKANAKA

Dzokorora kubvisa pamuviri uchishandisa Misoprostol kana kubviswa neManual Vacuum Aspitation (ipa tsanangudzo yezvinoitwa paMVA)
Pane mukana mudiki diki wekuti mwana anozvarwa mushure mekunge mukadzi aedza kubvisa pamuviri nemisoprostol ange ane hurema

PAMUVIRI PANGU PABVISIKA ZVAKANAKA HERE?

Kunyangwe mukadzi akanzwa kuti haasisina pamuviri zvakakosha kunyatsoongorora kuti pamuviri pacho pabva zvakanaka here. Mukadzi anofanirwa kuvhenekwa muchibereko mushure mekunge abvisa pamuviri, uye kutarisa kuti achiri nepamuviri here muma vhiki matatu kana mana mushure mekunge abvisa pamuviri

ZVAKAKOSHA: Kana mukadzi asina kubuda ropa kana kuti obuda ropa shoma (rishoma pane rinobuda munhu achienda kumwedzi uye risina magodo) kana kuti anoramba achinzwa kunge ane pamuviri mushure mekunwa mapiritsi eMisoprostol kazhinji anogona kunge achiri nepamuviri. Anofanirwa kuongororwa muchibereko uye kutariswa kuti achiri nepamuviri here, anogona kushandisa mapiritsi eMisoprostol zvakare

MUSHURE MEKUBVISA PAMUVIRI

Mushure mekubvisa pamuviri, mukadzi anofanira kubuda ropa shoma kwevhiki rimwe kusvika kumavhiki matatu asi mukadzi wese akasiyana. Mushure meizvozvo mukadzi anofanira kutarisa kuona kuti pamuviri pakabva zvakanaka here

Vakadzi vanokurudzirwa kusaisa zvinhu munhengo dzavo dzesikarudzi, kugeza kana kuita bonde kusvikira ropa risisabude zvakanyanya kwemazuva maviri mushure mekunge mukadzi abvisa pamuviri

Mukadzi anokwanisa kuita pamuviri nekukasika mushure mekunge abvisa pamuviri! Kana mukadzi asingade kuita pamuviri nekukasika anofanirwa kubva atanga kushandisa nzira dzekudzivirira pamuviri kuti asaite pamuviri pasingadiwe

CHII CHINONZI MISOPROSTOL?

Mapiritsi anoshandiswa pasi rese kubvisa pamuviri nekurapa maronda mudumbu. Anotengeswa muma pharmacy uye munyika zhinji dzemu Africa anoshandiswa kubatsira kuderedza kubuda ropa rakanyanya kana mukadzi achinge azvara. Anotengeswa achinzi Cytotec, isovent, Misoclear, MisoFem, Cyrux kana kuti Tomispral muma pharmacy

Women HelpWomen
WEB: HTTPS://WOMENHELP.ORG/
EMAIL: INFO@WOMENHELP.ORG
TWITTER: @WOMENHELPORG
FACEBOOK: WOMENHELPWOMENINTERNATIONAL

MAMA Network: Mobilizing Activists around Medical Abortion (MAMA).
WEB: WWW.MAMANETWORK.ORG

women help women

MISOPROSTOL,

INOSHANDISWEI?

Kubvisa pamuviri zvakachengetedzeka

Kana mukadzi abva pamuviri uye kupedzesa kubvisa pamuviri panenge pabva pega

Kudzivirira kubuda ropa kwakanyanya mushure mekunge mukadzi asununguka mwana

Kudzivirira maronda emudumbu

INOSHANDA SEI?

Misoprostol inotatamura chibereko, yopfavisa nekuvhura muromo wechibereko yoitisa kunge pamuviri pabva pega

INOSHANDISWA KANA ZVADII KUTI IBVISE `PAMUVIRI NENZIRA YAKACHENGETEDZEKA?

Inoshandiswa mumasvondo gumi nemaviri ekubata pamuviri uchiverenga zuva rekutanga repawakapedzisira kuenda kumwedzi

INOSHANDISWA SEI KUBVISA PAMUVIRI NENZIRA YAKACHENGETEDZEKA?

Mukadzi anofanira kunwa mapiritsi gumi nemaviri katatu uchinwa mapiritsi mana muma awa matatu

3h

Isa mapiritsi eMisoprostol mana pasi perurimi kwemaminitsi makumi matatu

30 min

Usamedze siya anyunguduke ega

Kwapera ma awa matatu isazve mamwe mapiritsi mana pasi perurimi kwemaminitsi makumi matatu

3h

30 min

Usamedze siya anyunguduke ega

Kwapera ma awa matatu isa mamwe mapiritsi mana pasi perurimi kwemaminitsi makumi matatu

3h

30 min

Usamedze siya anyunguduke ega

Kana pamuviri pasina kubva muma awa matatu zvinoita kuti ushandise mamwe mapiritsi muma awa matatu kusvika zviri muchibereko zvabuda

CHII CHINOTARISIRWA MUSHURE MEKUSHANDISA MAPIRITSI AYA?

Kurwadziwa nekubuda ropa rakawanda kupfuura rinobuda pakuenda kumwedzi

24h

Kakakwanda kubva kwepamuviri kunonyanyoitika muma awa makumi maviri nemana

Kukura kunenge kwakaita pamuviri painobviswa kunokonzera kubuda ropa kwakanyanya nekurwadziwa nemudumbu

Mapiritsi ekupodza marwadzo anokwanisa kunwiwa nguva imwechete yaunotanga kunwa misoprostol. Mabhurufeni ndiwo anonyanya kushanda uye maparaseti anokwanisa kushandiswa zvekare

ZVAUNGASANGANE NAZVO ZVINOKONZERWA NEKUNWA MAPIRITSI EMISOPROSTOL

24h

Muma awa makumi maviri nemana ekutanga wanwa misoprostol unogona kunzwa kusvotwa, kuda kurutsa, manyoka, kupindwa nechando kana kunzwa kutsva, kunzwa musoro kana kunzwa kuda kufenda. Izvi hazvityise hazvo uye zvinozopera nekufamba kwema awa mashoma

ZVIRATIDZIRO ZVEMATAMBUDZIKO AUNGASANGANE NAWO ZVINOKONZERWA NEKUNWA MAPIRITSI EMISOPROSTOL

Kubuda ropa zvakanyanya (zvekuti mapedzi maviri kana matatu anozara ropa muawa rimwe kana maviri nematatu zvakateedzana)

2h

39°

Kunzwa kupisa muviri zvakanyanya kwema awa anopfuura makumi maviri nemana

24h

Kurwadziwa kwakanyanya kusingapere nyangwe ukanwa mapiritsi ekuderedza marwadzo mushure mekunge wanwa mapiritsi eMisoprostol

Kubuda zvinonhuwa uye zvisingagarobudi kunhengo yesikarudzi

UNOITA SEI UKASANGANA NEZVIRATIDZIRO ZVEMATAMBUDZIKO MUSHURE MEKUNGE WANWA MISOPROSTOL?

Enda kuchipatara nekukasika

Pachinge paitika dambudziko munhu ngaaende kuchipatara nekukasika uye vana chiremba vanofanira kubatsira munhu nekukasika. Kurapwa kunoitwa matambudziko ekubvisa pamuviri kwakangofanana nekurapwa kunoitwa pamuviri panenge pabva pega. Hazvioneke kuti pamuviri pabviswa neMisoprostol kana kuti yabva yega. Mukadzi anoda kubatsirwa kuchipatara anogona kungonoti pamuviri pabva pega